

5.2.2 Milye travay san dwòg

Seksyon nan politik la : Kondisyon pou anplwa

Souseksyon : Estanda sou konduit

Dat li an vigè : Lendi 23 jiyè 2018

Mizajou presedan : Lendi 23 jiyè 2018

Valab pou : Tout anplwaye

Direktè egzekitif : Romy Riddick, vis-prezidan pou resous imèn

Biwo responsab : Office of Human Resources (Biwo resous imèn)

Kowòdone :

[Office of Human Resources](#)

hr@princeton.edu

(609) 258-3300

Deskripsyon politik yo

Inivèsite a entèdi fabrikasyon, difizyon, posesyon, itilizasyon, oubyen distribisyon tout sibstans kontwole kèlkeswa ki kantite sou pwopriyete inivèsite a, oubyen nan konduit zafè inivèsite a andeyò kanpis la.

Inivèsite a entèdi posesyon, itilizasyon, oubyen distribisyon ilegal tafya pa anplwaye a sou pwopriyete inivèsite a oubyen nan tout aktivite inivèsite a.

Aplikasyon politik yo

Itilizasyon dwòg ilegal

Se ajan siperyè apwopriye a ki administre sanksyon pou zak sa yo e konfòm avèk règleman epi pwosedi li administre (pou fakilte a e lòt manm pèsonèl akademik la, pa dwayen fakilte a ; pou administratè epi pèsonèl, vis-prezidan depatman resous imèn). Sanksyon yo gendwa se depi yon avètisman jouk nan separasyon pèmanan nan inivèsite a selon degre enfraksyon an e mezi kote enfraksyon politik la nui byennèt kominote a oubyen nan akonplisman misyon edikatif inivèsite a.

Enfraksyon òdonans lokal oubyen sa lwa leta oubyen federal sou sa ki konsène sibstans danjre kontwole pa manm kominote inivèsite a gendwa entrene mezi disiplinè inivèsite

a, kèkeswa kote enfraksyon sa yo fèt e si yo grav. Fabrike, vann, oubyen distribye dwòg ilegal ; yon patisipasyon nan itilizasyon ilegal dwòg oubyen trafik avèk minè ; epi posede oubyen itilize dwòg pi danjre oubyen ki vreman kreye gwo depandans tout se dwòg ki konsidere kòm enfraksyon grav e yo trete an konsekans. Selon sikonstans patikilye a, asosyasyon kontini, moun ki fè enfraksyon politik sa a, avèk inivèsite a gendwa sou kondisyon patisipasyon satisfèzan nan yon pwogram reyadaptasyon epi èd pou abi dwòg.

Politik sa a valab pou tout manm kominote inivèsite a : fakilte, pèsònèl, e etidyan. Plis enfòmasyon sou politik inivèsite a sou dwòg gendwa disponib nan Office of Human Resources (Biwo resous imèn) oubyen Office of the Dean of the Faculty (Biwo dwayen fakilte a), e nan *Dwa, règleman, e responsablite, oubyen nan manyèl apwopriye sou politik pou pèsònèl la,*

Se politik inivèsite a tou, dapre Drug Free Workplace Act of 1988 (Lwa lane 1988 sou milye travay san dwòg), pou tout anplwaye, kòm kondisyon pou anplwa nan pwojè ki gen soutyen lajan federal respekte politik inivèsite sa a sou ka ki konsène sibstans danjere kontwole epi avize inivèsite a sou lespas 5 jou sou tout kondamasyon kriminèl an vèti lwa sou dwòg pou yon enfraksyon ki rive nan milye travay la.

Tout manm nan kominote inivèsite a dwe pou yo okouran lwa leta New Jersey entèdi pou posede, itilize, vann, epi fabrike ilegalman sibstans kontwole e enfraksyon gendwa se sanksyon obligatwa. Lwa federal prevwa tou pou pèt sèten avantaj federal (an kontan prè etidyan epi bous pou rechèch) pou kondamasyon an vèti tout lwa kriminèl sou dwòg. Plis enfòmasyon sou New Jersey e lwa federal sou dwòg disponib nan Department of Public Safety (Depatman pou sekirite piblik) oubyen Office of General Counsel (Biwo avoka jeneral).

Itilizasyon ilegal tafya

Inivèsite a enpoze sanksyon disiplinè pou anplwaye ki pa respekte politik ki make anwo a. Pami sanksyon yo, ki gendwa enpoze, gen avètisman alekri, sispansyon, e revokasyon.

Inivèsite a gen dwa pou egzije yon reyisit satisfèzan nan yon pwogram reyadapsyon apwopriye kòm kondisyon pou kontinye anplwa.

Mizannèv politik sou tafya e dwòg

Princeton University distribye enfòmasyon anyèl bay tout manm kominote inivèsite a sou politik e risk medikal ki asosye avèk abi e itilizasyon ilegal dwòg epi tafya.

Sèvis konsèy pou fakilte, pèsònèl, epi administratè disponib nan Pwogram èd pou anplwaye inivèsite a (University's Employee Assistance Program, EAP). Gen yon konseye disponib nan pran yon randevou. Sonnen Carebridge Corporation san (800)

437-0911 pou w jwenn plis enfòmasyon epi/oubyen pou pran yon randevou. Pou enfòmasyon siplemantè sou sèvis ki founi nan [Carebridge](#), se pou kominike avèk resous imèn nan nimewo (609) 258-3300 oubyen avèk Carebridge an dirèk nan nimewo (800) 437-0911.

Resous

[Carebridge Corporation](#)

pou anplwaye epi/oubyen fanmi nan nimewo (800) 437-0911.

Jounal mizajou

23-07-2018 : Chanjman tit lwa sou politik